

III. ADEGAN KECAP

A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Mahasiswa mibanda pangaweruh anu jugala ngeunaan kecap dina basa Sunda katut pangajaranana. Tujuan husus anu kudu kahontal tina ieu pangajaran, nya eta mahasiswa mampu:

- (1) ngeceskeun watesan kecap;
- (2) ngeceskeun rupa-rupa wangun kecap;
- (3) ngeceskeun kecap asal atawa kecap salancar;
- (4) ngeceskeun kecap rundayan;
- (5) ngeceskeun kecap rajekan;
- (6) ngeceskeun kecap kantetan; jeung
- (7) ngeceskeun kecap wancahan.

B. AMBAHAN BAHAN AJAR

Bahan ajar anu bakal dipidangkeun dina ieu lawungan atawa pajemuhan patali jeung tujuh perkara kayaning (1) watesan kecap, (2) rupa-rupa wangun kecap, (3) kecap asal, (4) kecap rundayan, (5) kecap rajekan, (6) kecap kantetan, jeung (7) kecap wancahan. Wincikan tiap-tiap bahan ajar dibabarkeun di handap ieu.

1. Watesan Kecap

Kecap mangrupa wangun basa *bebas* pangleutikna anu ngandung harti. Kecap oge mangrupa bagian kalimah pangleutikna anu sipatna bebas sarta ngandung harti nu tangtu. Harti dina kecap bisa harti leksikal bisa harti gramatikal.

Minangka wangun basa bebas pangleutikna, kecap diwangun ku babagian anu leuwih leutik nya eta morfem, engang, jeung fonem. Kecap bisa diwangun ku hiji morfem atawa leuwih. Anu dimaksud ku morfem nya eta wangun basa pangleutikna anu ngandung harti. Contona, kecap *kuring* diwangun ku hiji morfem, ari kecap *diajar* diwangun ku dua

morfem, nya eta morfem *di-* jeung morfem *ajar*. Kecap kuring diwangun ku dua engang (*ku-* jeung *ring*), ari kecap diajar diwangun ku tilu engang (*di-*, *a-*, jeung *-jar*). Kecap *kuring* diwangun ku lima fonem (*k*, *u*, *r*, *i*, jeung *ng*). Kitu deui, kecap diajar diajar diwangun ku lima fonem (*d*, *i*, *a*, *j*, jeung *r*).

Minangka bagian kalimah pangleutikna nu sipatna bebas, kecap bisa madeg mandiri lantaran bisa dikedalkeun sorangan tanpa dibarengan ku unsur lian. Kecap oge bisa dipisahkeun cicingna atawa disela ku unsur lian. Contona: *kuring*, *meuli*, *buku*, *kamari*, *ti*, jeung *koperasi*, dina kalimah

Kuring meuli buku kamari ti koperasi.

masing-masing mangrupa kecap lantaran madeg mandiri dina eta kalimah.

2. Wangun Kecap

Wangun kecap mangrupa papasingan kecap disawang tina babagian atawa unsur-unsurna. wangun kecap teh aya nu tulen kenah can diropea, disebutna **kecap asal** (*salancar*), aya nu geus diropea disebutna **kecap rekaan** (*jembar*).

Proses ngawangun kecap rekaan tina kecap sejen nu jadi dasarna ku cara nepung-nepungkeun morfem disebut **tata wangun kecap** (*proses morfologis* atawa *proses morfemis*). Umumna proses morfologis dina basa Sunda teh mangrupa:

- (1) ngarangkenan (afiksasi) anu hasilna kecap rundayan;
- (2) ngarajek (reduplikasi) anu hasilna kecap rundayan; jeung
- (3) ngantetkeun (komposisi) anu hasilna kecap kantetan.

a. Kecap Asal

Kecap asal atawa salancar nyaeta kecap anu diwangun ku hiji morfem bebas, sipatna ekamorfem, tur lain hasil tina proses morfologis. Disawang tina jumlah engangna, kecap asal bisa diwincik jadi sababaraha rupa.

- (1) Kecap asal saengang: *dur*, *jung*, *jeung*, *teh*, *pek*
- (2) Kecap asal dua engang: *bae*, *cape*, *jahe*, *uwa*, *wani*
- (3) Kecap asal tilu engang: *awewe*, *anjeucleu*, *olohok*, *tiasa*
- (4) Kecap asal opat engang: *amburadul*, *atanapi*, *kukulutus*
- (5) Kecap asal lima engang: *elekesekeng*, *murukusunu*, *nengtereweleng*.

b. Kecap Rundayan

Kecap rundayan nya eta kecap rekaan anu diwangun ku cara ngalarapkeun rarangken (afiks) kana wangun dasarna. Basa Sunda mibanda rarangken hareup (awalan, prepiks), rarangken tengah (seselan, infiks), rarangken tukang (ahiran, sufiks), jeung rarangken barung (barungan, konfiks).

(1) Rarangken Hareup (Awalan, Prefiks)

- (a) Rarangken *ba-* : badarat, barempug, badami;
- (b) Rarangken *barang-* : barangbeuli, barangdahar, (c) Rarangken *di-* : dibaca, dicalana, dibaju
- (d) Rarangken *ka-* : kadupak, kahayang, katilu;
- (e) Rarangken *N-* (alomorfna: m-, ny-, ng-, nga-, nge-): maca, nulis, nyarita, ngorong, ngawayang, ngecet;
- (f) Rarangken *pa-* : patani, patanya, padagang;
- (g) Rarangken *pada-* : padadatang, padananya,
- (h) Rarangken *para-* : parabupati, paragegeden,
- (i) Rarangken *per-* : pertilu, perlima;
- (j) Rarangken *pi-* : pitapak, piindung;
- (k) Rarangken *sa-* : sameter, sadesa, salila;
- (l) Rarangken *sang-* : sanghareup, sanghulu;
- (m) Rarangken *si-* : sideang, sibeungeut;
- (n) Rarangken *silih-/pili-* : siligenti, silihudag;
- (o) Rarangken *ti-* : tidagor, tigurawil;
- (p) Rarangken *ting-/pating-* : tingharewos, patingkecewis.

(2) Rarangken Tengah (Seselan, Infiks)

- (a) Rarangken *-ar-/al-* : barudak, baraca, gareulis, aralus, arabus; aramis, racleng, rajlok, laleuleus, lalucu, lalogor;
- (b) Rarangken *-in-* : pinandita, sinatria, tinulis;
- (c) Rarangken *-um-* : gumeulis, gumading, kumahkar, umamis; umendog; umaing.

(3) Rarangken Tukang (Ahiran, Sufiks)

- (a) Rarangken *-an* : gantungan, gedean, daekan, duaan;
- (b) Rarangken *-eun* : dahareun, eraeun;
- (c) Rarangken *-keun* : asupkeun, beubeurkeun;
- (d) Rarangken *-man/-wan/-wati* : seniman, wartawan/wartawati; seniman/seniwati;

- (e) Rarangken *-na* : indungna, araheunana, duanana;
- (f) Rarangken *-ning/-ing* : bakating, wantuning, kersaning;

(4) Rarangken Barung (Barungan, Konfiks)

- (a) Rarangken *ka—an*: kaasupan, kapaehan
- (b) Rarangken *kapi-* : kapimilik, kapibapa
- (c) Rarangken *pa—an* padataran, pakumbuhan
- (d) Rarangken *pang—keun* pangmawakeun, pangnepikeun
- (e) Rarangken *pang—na* pangalusna, panggedena
- (f) Rarangken *pi—an* pianakan, pilemburan
- (g) Rarangken *pi—eun* piimaheun, pimitohaen
- (h) Rarangken *pika-* *pikameumeut, pikangewa*
- (i) Rarangken *pika—eun* pikagilaeun, pikaiijideun
- (j) Rarangken *sa—an* sabrehan
- (k) Rarangken *sa—eun* sajungeun, sapokeun
- (l) Rarangken *sa—na* sapinterna, sagorengna
- (m) Rarangken *ting—ar-* tingraringkel, tinggaluher

c. Kecap Rajekan

Kecap rajekan nya eta kecap rekaan anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna, sabagian atawa sagemblengna, boh binarung jeung robahna sora katut rarangken boh henteu. Proses ngawangun kecap rajekan teh disebutna ngarajek (reduplikasi).

Kecap rajekan bisa diwincik jadi tilu, nya eta (1) kecap rajekan sagemblengna, (2) kecap rajekan sabagian, jeung (3) kecap rajekan binarung rarangken.

(1) Kecap Rajekan Sagemblengna

Kecap rajekan sagemblengna nyaeta kecap rajekan anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna boh robah sorana boh henteu.

Dwilingga nyaeta kecap rajekan sagemblengna anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna, boh robah sorana boh henteu. Dwilingga anu henteu robah sorana disebut **dwilingga murni** (*dwimurni*) saperti:

- buku ----> buku-buku
- kuda ----> kuda-kuda
- haji ----> haji-haji

Dwilingga anu binarung ku robahna sora basa disebut **dwilingga reka** (*dwireka*) saperti:

guling ----> *gulang-guling*
tulis ----> *tulas-tulis*
toel ----> *tual-toel*

Trilingga nyaeta kecap rajekan sagemblengna anu diwangun ku cara nyebut tilu kali wangun dasarna bari dibarengan ku robahna sora basa. Wangun dasar anu dirajekna umumna kagolong kana kecap anteuran. Contona:

dor ----> *dar-der-dor*
pek ----> *pak-pik-pek*
pluk ----> *plak-plik-pluk*

(2) *Kecap Rajekan Sabagian*

Kecap rajekan sabagian nyaeta kecap rajekan anu diwangun ku cara nyebut dua kali sabagian wangun dasarna, boh engang mimiti boh engang tengahna. Kecap rajekan sabagian nu disebut dua kali engang mimiti wangun dasarna disebut **dwipurwa** saperti:

pacok ----> *papacok*
tanya ----> *tatanya*

Ari kecap rajekan sabagian anu disebut dua kali engang tengahna disebut **dwimadya** saperti:

sabaraha ----> *sababaraha*

(3) *Kecap Rajekan Binarung Rarangken*

Kecap rajekan binarung rarangken nyaeta kecap rajekan anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna bari dibarengan ku rarngken, boh awalan, seselan, ahiran, boh rarangken barung. Contona:

di-DLM-awut ----> *diawut-awut*
DP-an + bawa ----> *babawaan*
sa-DLM-eun+kop ----> *sakop-kopeun*

c. **Kecap Kantétan**

Kecap kantétan nyaeta kecap-kecap anu diwangun ku cara ngantetkeun cakal (kecap) sarta ngandung harti mandiri anu beda jeung harti unsur-unsur pangwangunna. Proses ngawangun kecap kantetan

disebut ngantetkeun atawa komposisi. Contona, kecap kantetan *hampang birit* ngandung harti mandiri ‘daekan’, anu bedajeung harti unsur-unsurna, boh unsur *hampang* boh unsur *birit*.

Kecap kantetan aya bedana jeung kantetan kecap atawa gundukan kecap anu ilahar disebut frasa. Antarunsur dina kecap kantetan leuwih dalit ti batan frasa nepi ka mangrupa hiji kecap. Ciri utama kecap kantetan teh sakurang-kurangna nya eta:

(1) katanseselan, teu bisa diseselan atawa diselapan ku unsur sejen di antara unsurna, saperti:

kamar mandi ----> *kamar keur mandi (frasa)

(2) katanbalikan, runtuyan unsur-unsur kecap kantetan teu bisa dibalikkeun atawa dipatukeurkeun lantaran bakal robah hartina atawa taya hartian pisan, saperti:

goreng sangu ----> ***kamar keur mandi (frasa)**
‘hasil (sangu beunang ngagoreng)’ ----> **sangu goreng**
‘ciri (sabangsa sangu)’

(3) katanjembaran, hartina unsur-unsur kecap kantetan henteuna bisa dijembaran sewang-sewangan, unsur pangjembarna keuna kana sakabeh unsurna saperti:

gede hulu ----> panggedehuluna
----> *panggedena hulu

Kecap kantetan teh bisa diwincik jadi dua rupa:

(1) Rakitan dalit (kompositum), nyaeta kecap kantetan anu unsur-unsurna geus awor pisan nepi ka enya-nya mangrupa hiji kecap nu hartina mandiri tur beda tina harti usnur-unsurna. Contona:

- kacapiring
- parahulu

(2) Rakitan anggang (aneksi), nyaeta kecap kantetan anu usnur-unsurna acan awor pisan,

hartian oge masih bisa dititinan tina unsur-unsurna. Contona:

- kacang panjang
- sangu koneng

C. RANGKUMAN

Kecap mangrupa unsur basa bebas pangleutikna anu ngandung harti. Kecap oge mangrupa bagian kalimah pangleutikna. Contona: *kuring, indit, ka, jeung sakola*.

Unggal kecap ngabogaan wangun nu tangtu. Wangun kecap mangrupa papasingan kecap disawang tina jumlah morfem anu jadi pangdeudeulna. Kecap anu diwangun ku hiji morfem bebas disebut kecap

asal (salancar). Ari kecap anu diwangun ku dua morfem atawa leuwih disebut kecap jembar (rekaan). Kecap jembar diwangun tina kecap asal ngaliwatan proses ngawangun kecap (proses morfologis/morfemis). Kecap rekaan anu diwangun ku cara ngararangkenan (afiksasi) disebut kecap rundayan, kecap rekaan anu diwangun ku cara ngarajek (reduplikasi) disebut kecap rajekan, ari kecap rekaan anu diwangun ku cara ngantetkeun (komposisi) disebut kecap kantetan.

Kecap asal bisa diwangun ku saengang, dua engang, nepi ka lima engang. Kecap asal geus mibanda harti leksikal, nya eta harti anu langsung tumerap dina eta kecap. Contona: *kuring, seuri*.

Kecap rundayan diwangun ku cara ngararangkenan. Rarangken anu ngawangun kecap rundayan aya lima rupa, nya eta rarangken hareup, rarangken tengah, rarangken tukang, rarangken barung, jeung rarangken gabung. Contona: *dibaca, gumeulis, eraan, pananyaan, jeung dipindahkeun*.

Kecap rajekan diwangun ku ngarajek. Aya kecap rajekan dwipurwa, dwimadya, dwimurni, dwireka, jeung trilingga. Contona: *sasapu, sababaraha, imah-imah, tujang-tajong, jeung dar-der-dor*.

Kecap kantetan diwangun ku ngantetkeun cagal jeung cagal atawa kecap jeung kecap. Kecap kantetan boga ciri katanluasan, katanseselan, jeung katanjembaran. Aya kecap rakitan dalit saperti *kacapiring* jeung aya kecap kantetan rakitan anggang saperti *kacang panjang*.

D. LATIHAN

Pikeun ngukur kamampuh Saderek dina nyangkem bahan anu geus dipidangkeun, pek jawab sakur pananya di handap ieu!

1. Naon ari kecap teh?
2. Naon ari wangun kecap?
3. Naon bedana kecap asal jeung kecap jembar?
4. Tataan tur contoan rupa-rupa rarangken dina basa Sunda?
5. Sebutan tur contoan rarangken tengah dina basa Sunda?
6. Tetelakeun bedana kecap rajekan dwimurni jeung dwireka!
7. Naon ari kecap rajekan trilingga tur contoan!
8. Tetelakeun ciri-ciri kecap kantetan!
9. Tetelakeun bedana kecap kantetan rakitan dalit jeung rakitan anggang!
10. Jelaskeun bedana kecap (1) *seuseuhan, seuseuheun*; (2) *eraan, eraeun, ngerakeun*!